



Avantaj pou Moun K ap Chèche Azil yo epi Ki Tou Ap Tann yon Pèmi Travay

Remak: Règ "Responsablite Piblik" la pa aplike pou moun k ap chèche azil oswa moun ki pran azil yo. Lè w jwenn èd pou swen sante, manje, lojman, oswa lòt bezwen ou genyen yo, sa pa pral afekte kapasite w genyen pou jwenn yon kat rezidans (green card) avèk yon estati moun ki pran asil. Jwenn plis enfòmasyon sou <https://protectingimmigrantfamilies.org/know-your-rights/>.

Si ou te aplike pou azil epi ou gen yon resi gouvènman federal la (Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini) (U.S. Citizenship and Immigration Services - USCIS) ba ou ki gen nimewo "A" ou a ladan l,

OSWA

Si ou te gen yon pèmi travay, pèmi travay sa a ekspire, epi w ap tann pou yo ba ou yon nouvo pèmi travay, lè sa a ou kapab kalifye pou jwenn avantaj sa yo:



Swen Sante

Pou Moun ki Ansent ak Timoun (ki poko gen 21 lane):

Ou ka jwenn tout avantaj MaineCare yo pou vizit doktè yo, medikaman, oswa entèn lopital. Aplike nan biwo DHHS ki nan lokalite w la (local DHHS office) oswa sou entènèt nan Koleksyon Maine Mwen an (My Maine Connection).

Pou Tout Lòt Moun:

Emergency MaineCare (Swen Annijans MaineCare a): Ou ka jwenn Emergency MainCare a (Swen Annijans MainCare a). Li peye sèlman pou sèvis sante ki nesèsè pou estabilize yon pwoblèm sante ki grav nan yon ijans.

Klinik yo ak Lopital yo:

126 Sewall Street, Augusta, Maine 04330-6822
Telefòn: (207) 626-7058 Faks: (207) 621-8148
www.maineequaljustice.org

Ou gen dwa pou resevwa swen medikal ou bezwen an nan nenpòt lopital ki nan Maine, menm si ou pa kapab peye. Selon revni ou epi selon sant lan, ou ka jwenn swen gratis oswa yon ti rabè pou ede kouvri frè swen yo. Pou konnen sèvis yo kouvri yo, rele lopital la. *Epitou, ou ka vizite Consumers for Affordable HealthCare (Konsomatè pou Swen Sante ki Bon Mache) oswa rele Liy Èd yo a nan 1-800-965-7476 pou ka jwenn plis enfòmasyon oswa èd pou ka aplike.*

Si ou pa kapab jwenn asirans sante, klinik gratis yo ak sant sante kominotè yo ka ba ou bonjan kalite sèvis swen sante debaz ki gratis oswa ki bon mache. Epitou, klinik sa yo bay rabè, selon revni kay ou a.

Si ou pa gen asirans sante:

Resous ki nan Zòn Portland:

- Care Partners (Pwofesyonèl Swen Sante): Ede moun ki pa gen asirans k ap viv nan konte Cumberland, Knox, Lincoln, Waldo ak York yo antre an relasyon ak sèvis swen sante yo.
 - Rele 1-877-626-1684
- Coverage Team (Ekip pou Kouvèti Asirans) nan MaineHealth: Pou ka enskri pou asirans oswa pou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan swen gratis yo.
 - Rele 1-833-284-8816
- Greater Portland Health (Swen Sante nan Pi Fò Zòn Portland lan)
 - Divès kote nan pi fò zòn Portland lan
 - Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele 207 -874-2141
- Klinik Kominotè Gratis nan Portland
 - 39 Forest Avenue, Portland
 - Rele 207-874-8982

Resous ki nan Zòn Lewiston:

- Klinik ki Chaje yon Ti Frè yo –
 - CCS B Street Health Center - 57 Birch Street nan Lewiston – Rele 207-753-5400
 - CCS Second Street Pediatric Dental Center – 60 Second Street nan Auburn – Rele 207-755-3456
 - Western Maine Family Health - 16 Depot Street nan Livermore Falls, Suite 300 – Rele 207-897-4345

126 Sewall Street, Augusta, Maine 04330-6822
Telefòn: (207) 626-7058 Faks: (207) 621-8148
www.maineequaljustice.org

- Free Women’s Health Clinic (fanm ansent/paran) - 87 College Street nan Lewiston – Rele 207-577-1165
- New Mainers Public Health Initiative – 276 Lisbon Street, #280 nan Lewiston, li ka ba w enfòmasyon epi ba w èd nan lokalite w la – Rele 207-241-0546

Resous ki nan Tout Eta a:

Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon swen sante yo, kontakte Consumers for Affordable Health Care (Konsomatè pou Swen Sante ki Bon Mache). Ou ka rele yo nan 1-800-965-7476.

Pou ka jwenn yon lis ki gen plis sant sante ladan l etan nan Maine, vizite sit entènèt Maine Primary Care Association (Asosyasyon Swen Prensipal nan Maine) nan.



Lwaye ak Lòt Bezwen Debaz yo

Pwogram Èd pou Lwe Lojman nan Maine/Pwogram Èd pou Lwaye Annijans:

Ou ka jwenn èd pou peye lwaye ou atravè Pwogram Èd pou Lwaye Annijans nan Maine lan (Maine Emergency Rental Assistance Program). Sa a se yon pwogram repons COVID yo panse k ap disponib omwen jiska fen 2022.

Gen enfòmasyon sou pwogram nan nan plizyè lang sou sit entènèt Maine State Housing (Lojman Sosyal nan Maine) lan. Desann pou w ka chwazi konte w la epi aplike pou èd sa a.

Pwogram sa a ka peye pou:

- Lwaye aktyèl ak sa yo te dwe deja yo
- Sèvis piblik aktyèl ak sa yo te dwe deja yo epi frè pou enèji nan kay (ki gen ladan Entènèt nan kèk sikonstans)
- Frè demenajman ak frè pou rete yon lòt kote

Si w ap viv nan Portland, South Portland, Westbrook, oswa nenpòt lòt kote nan Konte Cumberland, ou ka aplike dirèkteman nan Prosperity Maine.

Si w ap viv nan Lewiston, Auburn oswa nenpòt lòt kote nan Konte Androscoggin, ou ka aplike dirèkteman nan Immigrant Resource Center (Sant Resous Imigran) nan Maine.

Epitou, ou ka kontakte The Opportunity Alliance.

126 Sewall Street, Augusta, Maine 04330-6822
 Telefòn: (207) 626-7058 Faks: (207) 621-8148
www.maineequaljustice.org

Èd Jeneral:

Èd Jeneral la (General Assistance), oswa "GA", ede moun peye frè lojman ak lòt bezwen debaz yo tankou manje ak medikaman. Ou dwe aplike nan vilaj oswa vil kote w ap viv la.

W ap bezwen bay yon prèv pou montre ke ou te aplike pou azil, tankou yon kopi resi ou te resevwa lè ou te fin voye aplikasyon w lan.

Rele biwo minisipal ki nan vilaj oswa vil kote w ap viv la pou w ka pwograme yon randevou pou w aplike. Ou gen dwa pou ranpli yon aplikasyon epi jwenn yon desizyon alekri. Si yo refize w, ou gen dwa pou w konteste desizyon an, epi yo pral tande kontestasyon w lan nan espas 5 jou.

Si w ap viv nan youn (1) nan vil sa yo, kontakte:

- Portland GA Office (Biwo Èd Jeneral nan Portland): 39 Forest Avenue, Suite 2, Rele 207-482-5122 (Rele 207-775-2922 nan yon ijans oswa apre lè travay)
- South Portland GA Office (Biwo Èd Jeneral nan South Portland): Rele 207-767-6717
- Westbrook GA Office (Biwo Èd Jeneral nan Westbrook): 426 Bridge Street, Rele 207-591-7015
- Lewiston GA Office (Biwo Èd Jeneral nan Lewiston): 27 Pine Street, Rele 207-513-3130 (Rele 911 nan yon ijans oswa apre lè travay).

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan GA, vizite sit entènèt 'Pine Tree Legal Assistance' lan (Asistans Jiridik Pine Tree a), annik [klike isit la](#).

Si ou pa kapab kontakte biwo vil ou a pou ka aplike pou GA, oswa si yo di w ou pa kapab aplike pou GA, rele liy dirèk Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal la (Department of Health and Human Services, DHHS) nan 1-800-442-6003.

Si yo refize w Èd Jeneral la (General Assistance, GA) oswa si w ap fè fas a degèpisman epi ou bezwen konsèy jiridik, tanpri kontakte:

- Pine Tree Legal Assistance (Asistans Jiridik Pine Tree):
 - Chèche biwo w la nan ptla.org/contact-us
 - Asire ou rele Lendi 12:00 jiska 2:30 oswa Madi/Jedi 9:00 jiska 11:30



126 Sewall Street, Augusta, Maine 04330-6822
Telefòn: (207) 626-7058 Faks: (207) 621-8148
www.maineequaljustice.org

Èd nan Manje

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanètè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)

SNAP ede moun peye manje yo. Ou jwenn yon kat ou ka itilize pou achte manje nan makèt.

Ou kapab kalifye pou SNAP pandan w ap tann otorizasyon pou travay la. Lè ou jwenn otorizasyon pou travay epi ou kòmanse yon nouvo travay, siyale sa bay DHHS nan espas 10 jou, annik rele 1-855-797-4357 oswa voye yon mesaj pa imèl nan farmington.dhhs@maine.gov.

Epitou, ou ka kalifye pou jwenn èd SNAP la si ou se yon moun ki genyen yon andikap, si w genyen 65 lane oswa plis, oswa si ou te sibi vyolans nan kay.

Ou ka aplike nan [biwo DHHS ki nan lokalite w la](https://www1.maine.gov/benefits/account/login.html) oswa sou entènèt nan <https://www1.maine.gov/benefits/account/login.html>.

Timoun ki nan pwogram lekòl piblik yo ak kèk pwogram gadri kapab kalifye pou jwenn repa gratis nan lekòl la. Epitou, sa ka kalifye yo pou resevwa EBT Pandemik la (Pandemic EBT, P-EBT) oswa P-EBT sezon Ete a (Summer P-EBT) alavni. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo, vizite <https://www.maine.gov/dhhs/ofi/programs-services/food-supplement>.



Èd pou Fanmi ki gen Timoun

Èd Tanporè Pou Fanmi ki Nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families, TANF)

TANF bay fanmi ki gen timoun k ap viv lakay yo èd lajan kach. TANF ka ede w peye bezwen debaz fanmi w, tankou lwaye, chofaj, ak kouchèt.

Ou kapab kalifye pou TANF pandan w ap tann otorizasyon pou travay la. Lè ou jwenn otorizasyon pou travay epi ou kòmanse yon nouvo travay, siyale sa bay DHHS nan espas 10 jou, annik rele 1-855-797-4357 oswa voye yon mesaj pa imèl nan farmington.dhhs@maine.gov.

Epitou, ou ka kalifye pou TANF si ou gen timoun lakay ou epi si ou se yon moun ki genyen yon andikap, si w genyen 65 lane oswa plis, oswa si ou te sibi vyolans nan kay.

126 Sewall Street, Augusta, Maine 04330-6822
Telefòn: (207) 626-7058 Faks: (207) 621-8148
www.maineequaljustice.org



Èd pou Granmoun ak Moun ki Gen Andikap yo

Revni Sekirite Siplemanchè (Supplemental Security Income), yo rele l "SSI", li ba ou lajan pou peye bezwen debaz yo tankou manje, rad, ak abri. Pafwa moun yo rele pwogram sa a Sekirite Sosyal.

Ou ka anmezi pou jwenn SSI si ou gen ti revni EPI:

- Si ou gen 65 lane oswa plis; **oswa**
- Si ou avèg oswa si ou genyen yon andikap. (Gen yon "andikap" vle di ou genyen yon pwoblèm sante fizik oswa sante mantal ki grav epi ou pa ka travay apentan pandan omwen 12 mwa)

Premyèman, aplike pou SSI nan biwo DHHS ki nan lokalite w la. **Dezyèmman**, w ap bezwen jwenn yon refi nan men Administrasyon Sekirite Sosyal la (Social Security Administration, SSA) ki baze sou estati imigrasyon w. Ou ka bezwen aplike pou yon kat sekirite sosyal pou jwenn yon refi nan men SSA:

- Portland Social Security Administration (SSA) Office (Biwo Administrasyon Sekirite Sosyal Portland lan) – 1355 Congress Street, Etaj #2 nan Portland – Rele: 1-877-319-3076
- Auburn Social Security Administration (SSA) Office (Biwo Administrasyon Sekirite Sosyal Auburn nan) - 600 Turner Street nan Lewiston – Rele: 1-833-388-6432

Si w p ap viv nan Portland oswa Lewiston epi si w pa konnen ki kote biwo SSA w la ye, ou ka [klike isit la](#) epi antre kòd postal ou a pou w ka jwenn enfòmasyon sa a.



Èd ou ka jwenn lè w ranpli deklarasyon taks 2021 ou yo

Gen yon seri kredi taks ou kapab kalifye pou yo, menm si ou genyen yon ti revni oswa menm si w pa genyen okenn revni epi menm si ou pa t janm konn ranpli deklarasyon taks anvan sa.

126 Sewall Street, Augusta, Maine 04330-6822
Telefòn: (207) 626-7058 Faks: (207) 621-8148
www.maineequaljustice.org

- Si w ap travay epi ou genyen yon ti revni, ou ka kalifye pou Kredi Taks sou Revni Ou Touche ki pou leta a ak gouvènman federal la.
- Si w lwe yon apatman oswa si w posede yon kay, ou kapab kalifye pou Kredi Ekitab konsènan Taks sou Pwopriyete.
- Si ou genyen yon ti revni oswa si pa genyen okenn revni, ou ka kalifye pou Kredi Ekitab konsènan Taks sou Lavant.
- Epitou, ou kapab kalifye pou 2021 Kredi Taks pou Timoun yo elaji (2021 expanded Child Tax Credit) (jiska \$3,600 pou chak timoun ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal).

Lè w resevwa kredi taks federal ou kalifye pou yo a, sa p ap afekte estati imigrasyon w, kapasite w pou jwenn yon kat rezidans (green card), oswa kalifikasyon w alavni pou jwenn avantaj imigrasyon yo. Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini an (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) pa konsidere itilizasyon kredi taks federal la pou yon detèminasyon "responsablite piblik".

Kredi Taks pou Timoun ak lòt kredi taks yo p ap konte nan avantaj piblik ki resevwa finansman nan men gouvènman federal la, tankou TANF (sipò revni), SNAP (èd manje), oswa MaineCare, men yo pral konte yo nan Èd Jeneral la.

Ou pa oblije genyen yon revni pou anpil nan kredi sa yo, men ou DWE deklare taks ou!

Ou ka jwenn èd GRATIS pou ka deklare taks ou nan men yon òganizasyon lokal ou fè konfyans, CASH Coalition of Maine! Rele 211 pou ka pran yon randevou oswa enskri nan CASH Maine.